PDF-XChange Viewer
Click to buy NOW!
www.docu-track.com



jámiyettegi jekke individlerdiń, toparlardıń, shólkemlerdiń iskerlikleriniń shegaraların anıqlaw menen belgilenedi.

Xalqımız hám jaslarımızdıń párawan, tınısh hámde baxıtlı turmıs keshiriwi, álbette, bilimlendiriw tarawında ámelge asırılıp atırǵan reformalarǵa baylanıslı. Bilimniń sapasın asırıw – Jańa Ózbekstannıń jańa sociallıq reallıq sıpatında rawajlanıwınıń birden bir tuwrı jolı bolıp esaplanadı.

Álbette, Jańa Ózbekstannıń jaslarında bilimge talabı kúshli bolsa ǵana jámiyetimizde bilim qádiriyatqa aylanadı hám dialektikalıq kóz-qarastan bilim sapalı bilimge aylanadı. Jámiyetimizde bilim qádiriyatqa aylanıwı ushın mámleketimiz tárepinen jaslarımızǵa sapalı bilimdi iyelewinde joqarı dárejede imkaniyatlar jaratılǵan. Jańa Ózbekstandı jańa sociallıq reallıq sıpatında qurıwda sapalı bilimniń ornı úlken. Sapalı bilim kóz-qarasınan jaslarımız ruwxıy jaqtan jetilispese, onda erjetken bolıp esaplanbaydı. Sebebi, sapalı bilim arqalı jaslarımız ruwxıy jaqtan jetilisedi hám erjetken bolıp esaplanadı.

Juwmaqlastırıp aytqanda, Jańa Ózbekstan – jańa sociallıq reallıq sıpatında jámiyettiń barlıq tarawlarında sonıń menen birge, sociallıq, ekonomikalıq, siyasiy, huqıqıy, ruwxıy sistemalarda jańalanıwlar, atap aytqanda, jańasha dúnyaǵa kóz-qaras, jańasha sezim, jańasha jantasıw, jańasha pikirlew, jańasha oylawdı talap etedi. Bunday jańa sapanı qurıwda insan kapitalı, tálim hám innovaciyalar zárúrli áhmiyetke iye boladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Буданов В. Методология синергетики в постнеклассической науке: принципы и перспективы // http:// www. intelros. ru/intelros/reiting/ reyting_ 09/material_sofiy/5242-metodologiya-sinergetiki-v-postneklassicheskoj-nauke-principy-i-perspektivy.html.

2. Хакен Г. Синергетика: Иерархии неустойчивостей в самоорганизующихся системах и устойствах. Пер. с анг. – М.: Мир, 1985. – С. 9.

3. Климонтович Ю.Л. Введение в физику открытых систем // Соросовский образовательный журнал. – 1991. №8. – С.111.

4. Оразбаев А.К. Янги Ўзбекистон – янги ижтимоий реаллик сифатида: фалсафий синергетик таҳлил. Бердақ атындағы ҚМУ Вестник. Хабаршысы 2021-жыл №2 сан, 178-180 бетлер.

5. Трубецков Д.И. Введение в синергетику. Хаос и структура. – М.: Едиториал УРСС, 2004.

6. Пригожин И., Николис Г, Познание сложного: Введение. – М.: Едиториал УРСС, 2003.

**REZYUME.** Bul maqalada sinergetika paradigmasınıń jámiyetti úyreniwdegi metodologiyalıq roli analiz qılındı. Sonıń menen birge, jámiyet sızıqlı sistema emes, bálkim sızıqlı emes sistema sıpatındaǵı qásiyetleriniń mazmun hám mánisi ashıp berildi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируется методологическая роль синергетической парадигмы в изучении общества, раскрывается содержание и сущность характеристик общества как нелинейной, а не линейной системы.

**SUMMARY.** The article analyzes the methodological role of the synergetic paradigm in the study of society, reveals the content and essence of the characteristics of society as a nonlinear, rather than a linear system.

## И.ЮСУПОВ ЛИРИКАСЫНДА ЖАНЛАНДЫРЫЎ АРҚАЛЫ ЖАСАЛҒАН МЕТАФОРАЛАР

**Гуззал Отепбергенова –** *филология илимлери бойынша философия докторы (PhD), Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** метафора, поэтик метафора, лингвистик метафора, индивидуал – муаллиф метафора, индивидуал услуб метафора, жонлантирилган метафора

**Ключевые слова:** тропы, метафора, поэтическая метафора, языковая метафора, индивидуально-авторская метафора, олицетворения метафоры

**Key words:** tropes, metaphor, poetic metaphor, linguistic metaphor, individual - author metaphor, individual style metaphor, personification metaphor

Метафора – поэзияның тийкарғы тырнағы, поэзия образлардан куралған, ал метафора болса сол образ жасаўдың ең баслы усылы болып табылады. Испан философы Хосе Ортега-и Гассет «Две главные метафоры» мийнетинде: «… метафора – сананың бахалы

PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com



қуралы, илимий ойлаўдың формасы. …поэзия метафораларды ойлап тапса, илим оларды қолланады деп атап өтеди. [5:68-81] Метафора – оқыўшыны исендириў, образлы тәсир етиў әмеллериниң бири. Жасалып атырған образ көркемли болса, оқыўшы яки тыңлаўшыға күшли эстетикалық тәсир жасайды. Сонлықтан да, О. Барфилд: - «… метафораны өзгертип, басқа сөз бенен айтып көриңиз, онда поэзияның жартысы жоғалып кетеди» - деп баҳалайды.

«Метафора – көркем сөзде қолланылатуғын тийкарғы троп. Метафорада сөз, сөз дизбеги өзиниң туўра автологиялық (тийкарғы мәнисинде) мәнисинде емес, аўыспалы мәнисинде жумсалады. Метафора – салыстырыўға тийкарланған образлы көркем сөз, түрли формалар менен модификация түринде ушырасатуғын бул троп поэтикалық текстлердиң барлығында да бар. Поэтикалық метафора басқа метафоралардан өзиниң жаңашылығы менен өзгешеленеди». Метафораның тийкарғы мақсети – сүўретлеў, көркемлеў, предметти ямаса қубылысты атаў емес. Оқыўшы көркем образдан тәсирленип, эстетикалық ҳәм эмоциалық сезимлерге бөленеди. Ол сулыў сөзлер жыйынтығы емес, санамызда ой-пикир, көзқарас туўдырыўы тийис. Шайыр көркем метафоралар излеў менен баркулла бәнт болады, метафора шайырдың өз ойы менен нийетин оқыўшыға жеткериўдиң бирден-бир усылы.

Метафораларды түрлерге бөлиўде, жиклеў (классификация) мәселелери бойынша дүнья алымларын қызықтырып келмекте. Метафораларды түрлерге бөлиўде ҳәр бир илимпаздың, ҳәр бир изертлеў мектеби ўәкиллериниң концепциясы бар. Метафораларды тил билими ҳәм әдебияттаныў илими көзқарасынан ҳәр қыйлы бағдарда түрлерге бөлип келмекте. Мәселен, рус тил билиминде О.С.Ахманова метафораларды 5 түрге, гиперболалы метафора, лексикалық метафора, нәтийжели метафора, нәтийжесиз метафора ҳәм шайырлық метафора деп бөлип қарайды. Белгили алым Б.Н.Томашевский метафораларды еки топарға стилистикалық ҳәм тиллик метафоралар, А.В.Бельский метафораларды шайырлық ҳәм риторикалық, Ю.С.Язикова болса, тиллик ҳәм жеке стиллик метафоралар деп екиге бөлип қарайды. Сондай-ақ, поэтикада метафораның бир түри ретинде жанландырыў арқалы жасалған метафоралар да бүгинги күни үйренилмекте ҳәм көркем метафораның бир түри сыпатында баҳаланбақта.

Жанландырыў (олицетворения) арқалы жасалған метафоралар предметке, жансыз нәрсеге, тири жан ғана ийе бола алатуғын қәсийетлериниң, сыпатлы белгилериниң аўысыўы арқалы жасалатуғын метафоралардың бир түрине айтылады. Өзбек әдебиятшы алымы Т. Бобоев: «Жанлантырыў – сүўретлеў обектин бөрттирип, айқын ҳәм раўшан сәўлелендириўге имканият береди» - деп жазады. Шайыр И.Юсупов лирикасында усы бағдардағы метафоралардың оғада көп екенлигин аңладық. Мысалы:

Лекин, жүрегинде толғыған сан мың,
Ойлар жатар еди Кавказ таўындай,
Теңсиз аўыр өмири ана Ўатанның,
*Жаслық жигериңди лаўлатты сондай.*

Сол күнде аспанда қанлы булт көшип,
Дарақлар жапырылып, *үргенде боран…*
Бир гезлери Бердақ жүрген жерлерде,
Гүўлеп бир *жабайы самаллар* есер
Ҳәзир жыл қуслары сийрек келисер,
Шағала шарқылдап күлген жерлерде.
Ўатан шақырығын түсирип еске,
*Ашыўлы көк теңиздиң* шаўқым ҳаўазы,
Сени ымлар еди қызғын гүреске,
Глинка ойнаған еркинлик сазы.

Бул шайырдың рус халқының уллы шайыры Пушкинге арналған «Еркинлик жыршысы» қосығынан келтирилген қатарлар еди. Бул қатарларда көзге тасланатуғын *«жаслық жигериңди лаўлатты сондай», «үргенде боран», «ашыўлы көк теңиздиң»* сыяқлы жанлантырыў арқалы жасалған метафораларын байқаймыз. Әлбетте, от, отын, жанылғы предмет лаўлап жаныўы мүмкин, оны биз тәбийий халатта көзимиз бенен көремиз. Мине, усы тәбийий қубылысты абстаркт халаттағы жаслық жигердиң, күш-қайраттың толысыўы, жаслықтың жалынлы ҳалатына аўысыўы, оған жан берилиўи жанландырыў метафорасы сыпатында баҳалаўға болады. Сондай-ақ «боранның үриўи» (үргенде боран) «теңиздиң ашыўланыўы» (ашыўлы көк теңиз) жанлы предметте байқалатуғын қубылыстың тәбийий жансыз халаттағы ҳәдийсеге аўысыўы жанландырыў метафорасы сыпатында көриўимизге болады. Әлбетте, теңиздиң ашыўланбайтуғын, боранның үрмейтуғынын биз жақсы билемиз. Шайыр, теңизге, боранға жан бериўди, тәбийғый қубылысты образлы характерде жасағаў ҳәрекет еткен.

Көрер еди тирилсе егерде,
Ата журтын, өскен жағаны:
*Әмиў еле бурқып ағады,*
*Желлер еле уйтқып шабады,*

PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com



PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com

Әл Беруний туўылған жерде.
«Көрсең тәрийпин айт» деп *<u>түнлер жалынар таңға</u>*,
«Гүл жүзине қонба» деп *<u>таңғы шық кейир шаңға</u>*,
Ийнеликлер үймелеп, әтшөклер шақырғанда,
Атлас камзол гүбелек жоңышқалықта байрамда,
Гүўилдер пал ҳәррелер, ярым, сен жүрген жерде. Шайырдың шығармаларынан келтирилген бул қатарларда асты сызылған сөзлерде де жанлантырыў арқалы жасалған метафоралар қолланылған. Биринши мысалдағы «*Әмиў еле буркып ағады*» метафорасында «буркыў» фейили пәтлениўи, күшейиўи ямаса йошланыўы сыяқлы жанлы предметте болатуғын ҳәдийселердиң жансыз предметке аўысыўы, сол жансыз предметтиң жанлы предметте болатуғын қубылыс пенен жанланыўы жанландырыў арқалы жасалған метафоралар қатарына киреди. Ал, «*Желлер еле уйтқып шабады*» метафорасында жел ямаса самал уйтқыўы, есиўи мүмкин. Бирақ, оның тезлигин, есиў пәтин көркем образылылық пенен ҳайўанат дүньясына тән болған шабыў (аттың, кийиктиң шабыўы) фейили менен дизбеклестирилип ислетиўи, қулласы, жанлы предметти болатуғын ҳәрекеттиң жансыз предметтеги желдиң (самал) уйтқыўына аўысыўы жанландырыў метафорасы болып табылады. Сондай-ақ, кейинги мысаллардағы *«түнлер жалынар таңға», «таңғы шық кейир шаңға»* метафоралары да ислетилген. Бул метафораларда адамзат, инсан баласында болатуғын қубылыстың, ҳәрекеттиң түн ҳәм таңға өтиўи, аўысыўы түнлердиң таңларға жалыныўы, таңғы шықтың шаңға кейиўи, (бақырыўы, урысыўы) яғный усы ўақытлық түсиниклерге жан берилиўи жанландырыў арқалы жасалған метафораларға киреди. Мазмунға қатнаслы қолланылған метафоралар да шайырдың көркемлик изленислериниң бири болды. Орынлы табылған метафора поэзия көп сөзлиликке жол қоймай, аз сөз бенен көп мәни бериў мүмкиншилигин, пикирдиң образлығын тәмийинлейди. Шайырдың қосық текстинде жанлатырыў арқалы жасалған метафораларды ислетиў арқалы эстетикалық тәсиршеңликти тәмийинлеў, ой-сезимлерди эмоциональ жеткерип бериў, лирикалық мазмунды тереңлестириў, образлылықты күшейтиў ушын хызмет етеди.

Солай етип, шайыр И.Юсупов лирикасында жанландырыў арқалы жасалған метафоралардың қосық тексинде көркем образлылықты тәмийинлеўде оғада көп ислетилгениниң гүўасы болып отырмыз. Тәбият (самал, теңиз, жаўын, дәрья ҳәм т.б.) қубылысларына адамзат дүньясында ушырасатуғын ҳәдийселердиң мегзетилиўи. Шайыр лирикасында тәбият қубылысларына инсанда болатуғын сезим-туйғы, ҳәрекет ҳәм т.б. сыпатлы белгилериниң аўысыўы көзге тасланды. Мысалы:

«*Қайғы булты* Қаратаўды бүркеген,
Дийқан көксин кернегенде ыза-ар…
Жақты дүнья көрип *қуўанған булақ,*
Гүмис күлки менен ақты сылдырап…
*Ҳәкке шықылықлап табар сум хабар,*
Шық түсти маўжырап, ҳаўада ызғар.
Самал ойнап үстин ашып кеткендей,
*Жалаңаш теңкейип уйқылар ғарбызлар.*
Ызың-ызың сеслер келер даладан,
Самал ессе *қуўрай сыңсып жылаған,*
Бүртик жарған жөнеўиттиң қабағы,
«Кесип алып, сырнай соқ» деп сораған…
*Толқын шабар* үриккен аңдай дүркиреп,
Оның сырын айтқызғандай күш кимде?
Бир ўақта гүўилдеп бир даўыл есип,
*Қамыслар сыпсыңлап, гүўлеп сөйлесип…*
Шүкир етип тәғдирине бағынып,
Жулдыз айқылар түн пердесин жамылып…

Бул мысалларда инсанда болатуғын қыймыл-қозғалыс, ишки кеширмелер, ҳәрекет ҳәм ҳәдийселер тәбият қубылысларына мегзетилиўи ямаса аўысыўы көзге тасланады. Метафораның мақсети тек ғана аўысыў, мегзетиў менен шекленип қалмай сыпатлаў арқалы да көркем образлылық эстетикалық тәсиршеңлигиниң артыўына хызмет етеди. Адамлардың ис-ҳәрекетлери, белгилери тәбиятқа аўысады, соннан кейин объект дерексиз уғымға (терең ойға) айланады ямаса керисинше тәбият белгилери адамларға аўысыў мүмкин. Солай етип, метафоралаў процесслери қарама-қарсы бағытта жүриўи мүмкин. Қосық қатарларында көринип турғанындай («*Қайғы булты)* адамларда болатуғын қайғырыў, қапаланыў белгиси бултларға көшиўи, *булақтың қуўаныўы, қуўрайдың (өсимлик) сыңсып жылаўы, қамыслардың сыпсыңлап, гүўлеп сөйлесиўи* мине, булардың барлығы жанлы предмет (адамда) болатуғын қубылыслардың тәбият ҳәдийселерине аўысыўы, сыпатлаўы ҳәм жан бериўи жанландырыў арқалы жасалған метафоралар деп аталады.

Абстракт қубылысларға жанлы предметлерде ушырасатуғын ҳәдийселердиң аўысыўы. И.Юсуповтың лирикалық

PDF-XChange Viewer
Click to buy NOW!
www.docu-track.com



PDF-XChange Viewer
Click to buy NOW!
www.docu-track.com

шығармаларын үйренип қарасақ көркем метафоралардың әлўан түрли көринислерин байқаймыз. Жанлы предметлерге тән болған қубылыс, ҳәдийсе, қыймыл-қозғалыс ҳәм т.б. белгилер абстракт қубылысларға аўысыўы, оларды жанлы предмет сыпатында қабылланыўы, сезилиўи көзге тасланады. Мысалы:

Көлде қуслар базары тарқап,
Ыссы жаққа ушып барады,
*Жаслық дәўран отаўын жыйнап,*
Бизди таслап көшип барады…
Әрманлар анталар, от болып күйдим,
Көп аңсаған едим ақ дийдарыңды.
Қызық-қызық пенен жағалап жүрип,
*Айралық жағысына* тағы да шықтым…

Шайырдың қосық қатарларынан алынған бул мысалларда көз бенен көрип, қол менен услай алмайтуғын қыялый, абстракт түсиниклер *жаслық, айралық* сыяқлы сөзлерге жан берилиўи, яғный жанлы предметлерде байқалатуғын қубылыслардың усы түсиниклерге аўысыўы, жанландырылыўы, жанлы предмет сыпатында лирикалық қаҳарманның қатнас жасаўы көзге тасланады. Атай айтқанда, жоқарыда келтирилген биринши мысалдағы «*Жаслық дәўран отаўын жыйнап»* қосық қатарына дыққат аўдарайық. Отаў - үй, қара үй мәнисиндеги сөз. Отаў жыйнаў шарўалардың жазлаўдан қыслаўға, я болмаса қыслаўдан жазлаўға көшиўди аңлататуғын қубылыс. Мине, шайыр усы ҳалатты, мәўсимлик алмасыўдағы ўақытлық қатнасқа да дыққат аўдарып, жаслық дәўран, жаслық дәўирдиң де өтиўин, кисилик дәўирде қарай бет бурыўын образлы түрде «*Жаслық дәўран отаўын жыйнап»* метафорасын қолланған. Егер де бундай метафораның орнына жай сөз бенен «жаслық дәўран өтип кетти» ҳәм т.б. усындай сөз дизбеклеринен пайдаланар болса, қосықтың образлылығы, эмоционал-экспресивлиги жүдә төмен ҳәм эстетикалық тәсирсиз болар еди.

Биз бенен ойынға тоймас Муҳаббат
Және егеў салып жаныма мениң,
*Ышқы жәлладлары* азаплап айдап,
Бизди аяғыңа жығажақ сениң…
Бәлким ырғый алмай қурбан боларман,
*Мийримсиз муҳаббат* сынақларына…
*Мийримсиз суд* – гөззал Муҳаббат
Ҳүким оқып көзлерин сүзди.
Сәҳәр-сәҳәр ескен таңның самалы,
Мийирбанлық әйле ҳалыма мениң,
*Ашықлардың елшисең* озалы,
Хабарымды жеткиз ярыма мениң

Бул қатарлар шайырдың «Александр Блокты оқығанда» деп аталған қосығынан алынған мысаллар. Қосық текстине нәзер аўдарсақ ышқы-муҳаббат темасында жазылған. Лирикалық қаҳарманның ишки дебдиўлери ышқы-муҳаббаттың буншелли татлы, базда ашшы, қәҳәрли, мийримсизлиги ҳәм т.б. ҳалатларын сүўретлейди. Биз алдыңдығы сапары айта кеткенимиздей *ашық, ышқы-муҳаббат* сөзлери абстракт түсиниклер. Бирақ, бул түсиниклер инсанның руўхый дүньясында кешетуғын процесс болып, гейде метонимиялық сыпат пенен қарысып кеткенлиги, оларға инсанға қатнас жасаў сыяқлы муҳаббаттың мийримсизлиги, ышқының жәллад сыяқлы инсанның руўхый дүньясын қыйнаўы, азаплаўы көзге тасланады. Мине, усы сыпатлы белгилерге жан берилиўи, абстрак түсиник болса да, жанлантырылыўы, инсанда болатуғын процесслердиң өтиўи жанландырыў арқалы жасалған метафоралар болып табылады.

Улыўма алғанда шайырдың лирикалық шығармаларында ислетилген жанландырыў арқалы жасалған метафоралар өмир, жәмийет, тәбият ҳәм инсан руўхый дүньясындағы қубылыслардың көркем сәўлелениўи болып табылады. Усы қубылыслардың көркем сәўлелениўи шығарманың көркемлигин тәмийнлеўде, оның мазмун тереңлигин жүзеге шығарыўда жанлантдрыў арқалы жасалған метафоралардың әҳмийети оғада үлкен. Жанландырыў метафорасы көркем шығарманың қунлылығын, көркемлигин жүзеге шығарыўшы әмеллердиң бири есапланады. Орынлы табылған метафоралар дөретиўшиниң нийетин, алға қойған идеяларын, ой-пикирлерин толық ҳәм көркем жеткере алады.

**Пайдаланылған әдебиятлар**


[1]. Ахманова О.С. Очерки по общей и русский лексикологии. – Москва: Учпедгиз, 1957.

2. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент: Ўзбекистон, 2002.

[3]. Бельский *А.А.* Зарубежная драматургия: Сб. ст. / А.А. Бельский. — Пермь: Пермский гос. ун-т им. А.М.Горького, 1989.

[4]. O. Barfield. Poetic Diction. A study in meaning. – Oxford: Barfield  Press UK, 2010.

[5]. Ортега Х и Гооосет. Две великие метафоры // Теория метафоры. Сборник,  – Москва: Прогресс, 1990.

6. Квятовский А.П. Поэтический словарь. – Москва: Советская энциклопедия, 1966.
7.Томашевский Б.В. Стилистика: Учеб. пособие. - 2-е изд., испр. и доп. - Л.: Изд-во ЛГУ.
8. Юсупов И. Таңламалы шығармалары. II том. –Нөкис: Билим, 2018. Б3.
9. Язикова Ю.С. Анализ метафор стиля повести М. Горького «В людях» // Учен. зап. Дальневост. ун-та. Вып. 5.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада бадиий воситаларнинг алоҳида тури метафора буйича мулоҳазалар баён этилади. Бунда хорижий олимларнинг метафора назарияси буйича қарашлари ҳисобга олинади. Метафоранинг турлари, айниқса, поэтик метафора бўйича илмий тадқиқот ишлари сўз этилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлены комментарии к метафоре как особому виду художественных средств. Учтены взгляды зарубежных ученых на теорию метафоры. Обсуждаются виды метафор, особенно поэтические метафоры.

**SUMMARY.** The article presents comments on metaphor as a special kind of artistic means. The views of foreign scientists on the theory of metaphor are taken into account. The types of metaphors are discussed, especially poetic metaphors.

## OQÍWSHÍLARDÍ ESTETIKALÍQ TÁRBIYALAWDA MUǴALLIMNIŃ ART ELEMENTLERINEN PAYDALANÍW SHEBERLIGI

**T.Saparbaev** – *professor w.w.a.*
**U.K.Paxratdinova** - *doktorantı*
*Ájiniyaz atındaǵı NMPI pedagogika kafedrası*

**Tayanısh sózler:** bilim beriw, jas áwlad, kórkem óner, kórkem óner oqıtıwshısı, pedagogikalıq sheberlik, estetikalıq tárbiya.

**Ключевые слова:** образование, молодое поколение, изобразительное искусство, учитель изобразительного искусства, педагогическое мастерство, эстетическое воспитание.

**Key words***:* education, young generation, fine arts, fine arts teacher, pedagogical skills, aesthetic education.

Elimizde bilimlendiriw tarawina ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Jas áwladtı watansúyiwshilik ruwxında tárbiyalaw, kámil insanlar etip ósiriwde dáslep shańaraq, onnan soń mekteptiń ornı ayrıqsha. Mektep sózi (arabsha:) –muǵallim basshılıǵında jas áwladqa bilim beriletuǵın hám tálim-tárbiya isleri alıp barılatuǵın oqıw tárbiya ornı – degen mánini bildirgen [1.] Qaraqalpaqstanda dáslep meshit-medireselerde tálim berilgen. Ol jerde balalarǵa diniy bilimler menen birge dúnyalıq bilimler úyretilgen. Tereń bilim, oy-pikirge iye bolǵan oqıwshılar Xiywa, Buharadaǵı Kókaldash, Mirarab medireselerinde tálim alǵan. Asa bilimli, tereń pikirlewshi insanlar balalarǵa erinbesten tálim bergen. Degen menen, sol dáwirde de pedagogikalıq sheberlikke iye bolmaǵan ustazlar da bolǵan. Bunı Á.Shamuratovtıń “Eski mektepte”, jazıwshı G.Esemuratovanıń gúrrińlerindegi waqıyalardı mısal retinde keltiriwimizge boladı.

Dáwirler ózgeriwi menen balalarǵa bilim beriwde de ózgerisler payda boldı. Ismayıl Gasparalı basshılıǵındaǵı “Jádidshilik háreketi” elimizge de tásirin tiygizdi. Munavvar qarı Abdurashitxanov, Chólpon, Abdurauf Fitrat, Abdulla Avloniy sıyaqlı jádidshiler bilim beriwdiń jańasha usılın qollana basladı. Jádid sózi (arabsha: *jadid* — jańa) – jańasha oqıtıw usılı degen mánini ańlatadi. Prezidentimiz tárepinen jadid babalarımızdıń miyrası joqarı bahalanıp, O‘zbekistan Respublikası Prezidentiniń 2024-jıl 30-may kúnindegi PQ-201-sanlı “Jádidler miyrası mámleketlik muzeyi shólkemlestiriw haqqında”ǵı qararı qabıl etildi [3.]

Jádidshiler tárepinen keń en jaydırılǵan usılda oqıwshılarǵa bilim beriwde álipbege ózgerisler kirgizilip, jazıwdı úyreniw bir qansha ańsatlastı. S.Májitov tárepinen tayarlanǵan “Álipbe”, “Oqıw kitabı”, “Egedeler sawatı” sabaqlıqları qaraqalpaq jazıwın úyreniwge paydasın tiygizdi. Onnan soń, Qaraqalpaqstanda kirill álipbesi tiykarında bilim berildi. Oqıwshılarǵa sabaq ótiwde dástúriy usıllardan paydalanıp bilimler berildi. Dáwirler óte, ǵárezsizlik jıllarına kelip, elimizde barlıq tarawlarda jańalanıwlar júz berdi. 1997-jıl “Bilimlendiriw haqqındaǵı Nızam” qabıl etildi. Latın alfavitine ótilip, mekteplerde sabaq ótiw “Mámleketlik tálim standartları” tiykarında ámelge asırıldı. Elimizde júz berip atırǵan jańalanıwlardıń barlıǵı insan máplerine xızmet etedi. Ózgerisler nápesi bilimlendiriw tarawına óziniń tásirin tiygizdi. 2022-jıl “Bilimlendiriw haqqındaǵı Nızam” qabıl etildi. Jas áwladqa bilim beriwde shet el tájriybeleri paydalanıldı. Házirgi kúnde mámleketimizde bilim beriw Finlandiya